**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 17 май Рузман №24 (7838) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Рохелгун пашманлъи жубараб байрам**

## Агъвали кIодо гьабуна Бергьенлъиялъул Къо



**9 май. Агъвали.**

Радал сагIат 10 тIубараб гIужалда «Хвел гьечIеб полкалъул» гIахьалчагIигун цадахъ районалъул нухмалъи щвана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасе, ЦIар лъаларев солдатасе ва 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназда къурбанлъарал полициялъул хIалтIухъабазе рарал памятниказда тIугьдузул гор лъезе. Гьенисан байбихьана Агъвали



КIудияб Бергьенлъиялъ 79 сон тIубай кIодо гьабизе.

Кьер-кьерал байрахъалгун, батIи-батIиял игIаналгун ва рагъул гIахьалчагIазул - (умумузул, кIудадазул, гIагаразул, росуцоязул сурталгун рачIараз хасаб берцинлъи кьолеб букIана байрамалъе.

Рохалилаб тадбир тIобитIана Культурияб КIалгIаялда цебе бугеб байданалда. Рохалилаб данделъиялда гIахьаллъана районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, депутатал, райадминистрациялъул ва учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел, районалъул хъулухъчагIи,





школлъимал, гIолилазулгун ва жамгIиял цолъабазул вакилзаби, хIалтIул ветеранал.

Баркиялъулаб кIалъайгун рохалилаб данделъи рагьана Шамил ГIумаровас.

-Жакъа нилъер улкаялда кIодо гьабулеб буго КIудияб Ватанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 79 сон тIубай. Бергьенлъиялъул Къо, кигIан гIемер заман гьелдаса нахъе аниги, нилъедаса рикIкIалъулеб гьечIо. Къойидаса къойиде гвангъулеб буго нилъее гьеб. Нилъее Бергьенлъи щвана гIезегIан захIмат бихьун, рагъда рукIаразул кутакаб къеркьеялдалъун ва тылалда рукIаразул жигарчилъиялдалъун. Жакъасеб эркенаб гIумру нилъее кьурал рагъул гIахьалчагIазул цониги гьечIо жакъа нилъгун, ана гьел абадияб рокъоре, жакъа нилъ рукIине ккола гьезул цIаразе ва бахIарчиял ишазе мустахIикъал. Гьединал нилъ рукIин бихьизабулеб буго хасаб рагъулаб операциялда ругел нилъер ракьцояз. Нилъ тIадал руго гIун бачIунеб гIелалъе районги, республикаги, улкаги цIунизе. Баркула киназдаго КIудияб Бергьенлъиялъ 79 сон тIубай. Гьарула киназего сахлъи, рохел, талихI ва рекъел,- абуна Шамил ГIумаровас баркиялъулаб кIалъаялда. Байрам баркун кIалъазе вахъарав районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас бицана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал цIумадисезул, гьезул бахIарчиял ишазул, гьединго жакъа хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел районалъул гIолохъабазул, ракIалде щвезаруна гьенир ВатIаналъе гIоло рухI кьурал васал.

Районцоязда Бергьенлъиялъул Къо баркун кIалъаял гьаруна районалъул ветераназул ва херазул Советалъул нухмалъулев МухIамад ХIанаповас, районалъул прокурор Жамал ЖабрагIиловас, хасаб рагъулаб операциялда хварав рагъухъанасул эмен МухIамад Макъсудовас, «Дагъистаналъул правда» газеталъул журналист ГIабдурахIман МухIамадовас, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ ва цогидазги.

Тадбиралда районалъул нухмалъулес сайгъатаздалъун кIодо гьаруна «Бергьенлъиялъул рекери» абураб марафоналда бергьарал ва призерал.

Байрамалъулаб концертгун тадбиралде цере рахьана районалъул культураялъул управлениялъул артистал.

Тадбиралъе ахир лъуна росабазул поселениябаз ва учреждениябазгун организациябаз гIуцIарал байрамалъулал байдабаз. Гьенир рукIана умумузул заманалъул къайи-къоно, миллияб квен-тIех, росдал тарихалъул баянал.

Рагъул кьогIлъи щвечIеб хъизан хутIун батиларо районалда. Жакъа нилъеца бадиб магIуги хулулаго ракIалде щвезарула рагъдаса руссинчIелги, руссун хадур хваралги районцоял.

Нилъеца бетIер кьулула гьезул бахIарчилъиялъе...

Бергьенлъи босарал умумузе даимаб рецц!

**ГIубайдула Малачдибиров**

# 100 сон барав Россиялъул БахIарчи



КIудияб ВатIанияб рагъул 1941-1945 соназ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ, гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъухъ 2 маялда Россиялъул президент Владимир Путиница «Россиялъул БахIарчи» абураб цIар кьуна 100 сон барав КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Ибрагьим-Паша Садикъовасе.

## Гулбузул цIадулъе ккарал

Бендерал бидулал нилъер тушбаби,
Берда цебе чIараб бандитазул бакI.
Лъалхъи- хIалхьи гьечIеб хIалуцараб рагъ,
Рагъулъ рухIги биччун рагъулел васал!
Жакъа щиб кколебльи, метер кин кколеб,
Кидадай бачIила пашманаб хабар...
КIиго эбелалъе, къо-мех лъикI гьабун,
ЛъикI рукIа гьанжейин бачIана хабар.
ГIумрудул завалги, гIолохъанлъиги,
Гьайбатаб гьалагаб каранда ракIги,
ВатIан цIунулаго, цIадавеги ккун,
Кьижана, Раджаб мун, даим кидаго!
Рагъулъ багьадурлъи босарав Байгьакъ,
Бендаразул боял, гъурарав гьалбацI!
Меседил цIваялъе къеркьолев вукIун,
Къуват чорхол лъугIун кьижана гьарин.
КIиго эбелалда бачIараб бухIи,
Щиб дару гьабундай, гьеб нахъ буссинеб?
КIочонареб унти рекIелъ къарал гьел,
Гьабе гьезий сабаб, росу жамагIат.
Дуца нахъе тарай бульбул гIадай яс,
Каранда гьанже гьей лъида хурхилей?
Инсул цIар бахъизе, вугеб бакI лъазе,
Лъида аскIой ина дадаян ахIун.
Рагъул фронталда байрахъал рорхун,
Гьункълулеб букIана цебехун анищ.
Гулбузул цIадулъан уна рукIадго,
ЦIадул кутак бергьун, ккана гьал ихилъ.

**ХIапиз ГIабдулмуслимов,** Хушет росу

## Дир гIумру чIинкIиллъи...

Дир гIумру чIинкIиллъи, сверухъ океан,
Сигнал кьолеб маяк-соназул счетчик,
Дун Робинзон вуго цохIо хутIарав,
Цадахъ гIадан гьечIев, гIи-боцIи гуреб...
Ралъдал карачелал кочIол рагIаби,
Какил гIуж кинигин гIинда кIетIолел,
МацI лъалареб хIайван дир хIал бичIулеб,
МацI лъалел, дун лъалел, дун кIочон тарал.
Дие салам кьола ихдалил хIанчIаз,
Лъарал хъуялъ дие хъумуз бачуна...
Пашманаб хаслихълъи, пулеб гьуригун,
Гьоболлъухъ рещтIуна изну гьечIого.
Гьедин унеб буго гIедераб заман,
ГIумру дир борцунел, сагIтал, минутал...
ГIагарлъи тIагIараб, тIад-гьоркь щолареб,
Дир гIумру-чIинкIиллъи, чIалгIенги кечIги...
Къилбаялде сверун сун араб чирахъ,
Сон тIубалеб буго Мун аралдаса...
Рогьалил какил гIуж, кечI дагьалъ лъалхъе,
Какда хадур ругин дагьал азкарал...

**ГIабдула Зубаиров**

Марафон

# «Бергьенлъиялъул рекери»



Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабун 8 маялда Гьакварисезул чвахелалдаса Агъвали базаралде щвезегIан «Бергьенлъиялъул рекери» абураб ахIиялда гъоркь муниципалиял хIалтIухъабазда гьоркьоб тIобитIана марафон (халатрекери). Гьенив гIахьаллъана къоло щуго муниципалияв хIалтIухъан.

Старталда цебе марафоналъул гIахьалчагIазда тIаде щолеб КIудияб Бергьенлъиялъул къо - 9 май баркун саламалъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Марафон тIобитIиялъул программаялъул ва къагIидаялъул бицун кIалъай гьабуна спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Рекерухъабигун цадахъ букIана хехаб кумекалъул ва полициялъул машинаби.

ЧIелалде тIоцеве щвана халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул нухмалъулев Завурбег ЖахIпаров, кIиабилев -райадминистрациялъул культураялъулгун туризмалъул ва спорталъулгун гIолилазул ишазул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов, лъабабилев вачIана райадминистрациялъул хIалтIухъан Шамил МухIамадов.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Пайдаяб дандчIвай

Советияб халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон тIубаялъул байрамалъул цересел къояз Лъондода тIобитIана МВДялъул районалда бугеб отделалъул хIалтIухъабазулгун росдал школалъул 7-11 классазул цIалдохъабазул ва учительзабазул дандчIвай.



Гьениб бицана Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул, гьенир гIахьаллъулел нилъер районалъул гIолохъабазул. Гьезул мисаладалъун ахIана цIалдохъаби ВатIаналъе ритIухъаллъун рукIине.

Дандельи ана пайдаяб хIалалда, цIалдохъабазе рес щвана полициялъул хIалтIухъабазулгун рагьараб гара-чIвари гьабизе, суалал кьезе ва гьезие жавабал щвезе.

Хасго тIадчIей гьабуна патриотикияб тарбия кьеялда тIад, бицана ВатIан бокьиялъул ва гьеб цIунизе хIадурал рукIине ккеялъул. Мисаладалъун бичIчIизабуна армиялда хъулухъ гьаби ватIаналда цебе борч кколебльиги.

Тадбир ана пайдаго, лъималазе ватIаналдаса чIухIиялъул асар кколедухъ.

**ТIавус ЯхIяева**

Пожар - беда для всех

# Пожарная безопасность в летний период

Ежегодно с установлением жаркой погоды происходит осложнение обстановки с пожарами, что, в первую очередь, связано с возникновением пожаров от проведения палов сухой травянистой растительности, сжигания мусора. Люди начинают сжигать мусор или сухую траву, не учитывая погодные условия, направление и силу ветра, близость построек. В итоге огонь выходит из-под контроля, выгорают целые улицы жилых домов с хозяйственными постройками, пастбищные угодья и лесные массивы. Люди в панике пытаются тушить огонь, получают ожоги, и даже, к сожалению, бывают смертельные случаи. В это время количество выездов подразделений пожарной охраны резко возрастает. Из них наибольшее количество выездов - на тушение мусора и сухой растительности.

Проведенный анализ пожаров показывает, что именно люди -причина подавляющего большинства возгораний, а значит, в первую очередь надо всем соблюдать элементарные правила пожарной безопасности.

Согласно статье 34 ФЗ № 69 «О пожарной безопасности» граждане обязаны: соблюдать требования пожарной безопасности; иметь в помещениях и строениях, находящихся в их собственности (пользовании), первичные средства тушения пожаров и противопожарный инвентарь в соответствии с правилами пожарной безопасности и перечнями, утвержденными соответствующими органами местного самоуправления; при обнаружении пожаров немедленно уведомлять о них пожарную охрану; до прибытия пожарной охраны принимать посильные меры по спасению людей, имущества и тушению пожаров; оказывать содействие пожарной охране при тушении пожаров; выполнять предписания, постановления и иные законные требования должностных лиц государственного пожарного надзора; предоставлять возможность должностным лицам государственного пожарного надзора проводить обследования и проверки принадлежащих им производственных, хозяйственных, жилых и иных помещений и строений (за исключением жилых помещений), территорий, земельных участков в целях контроля за соблюдением требований пожарной безопасности и пресечения их нарушений.

Во время пожароопасного периода, чтобы не допустить возникновения природных пожаров, их распространения и приближения к населённым пунктам заблаговременно позаботьтесь о безопасности своего частного жилого дома и (или) загородного участка. У каждого жилого строения установите ёмкость с водой и огнетушитель; скосите сухую прошлогоднюю растительность на территории своего участка и вблизи него; сжигайте мусор и листву только в специально отведенном месте вдали от леса, заборов, построек и жилых домов.

В условиях устойчивой сухой и ветреной погоды, при получении штормового предупреждения, а также в случае введения особого противопожарного режима не допускать проведение пожароопасных работ, сжигание мусора и сухой растительности, разведение костров; не оставлять на открытых площадках вблизи строений емкости с легковоспламеняющимися и горючими жидкостями, горючими газами.

В случае расположения земельного участка вблизи лесного массива обеспечить работы по созданию противопожарных минерализованных полос; не разрешайте детям играть со спичками, зажигалками и другими источниками открытого огня, ведь детская шалость - одна из самых частых причин возникновения пожаров.

Если пламя подобралось к вашему участку близко эвакуируйте всех членов семьи, которые не смогут оказать Вам помощь, уведите в безопасное место домашних животных; немедленно позвоните в пожарную охрану, назвав адрес пожара, место его возникновения и свою фамилию; закройте все наружные окна, двери, вентиляционные отверстия; наполните водой ведра, бочки и другие емкости, приготовьте мокрые тряпки -ими можно будет гасить угли или небольшое пламя; если пожар не угрожает Вашей жизни и здоровью, постарайтесь потушить его подручными средствами; при приближении огня обливайте крышу и стену дома водой. Постоянно осматривайте территорию двора, чтобы не допустить перехода пламени на участок.

Правила пожарной безопасности в летний период на местах отдыха:

-в жаркое засушливое лето лучше не разжигать костры, особенно с применением горючих жидкостей;

-запрещается курить сигареты и трубки, поджигать спички, использовать пиротехнику, стрелять из огнестрельного оружия;

-оставлять на природе в местах отдыха обтирочный материал, который был пропитан горючими веществами;

-заправлять баки работающих двигателей топливом, пользоваться техникой с неисправной системой подачи топлива, а также курить или пользоваться огнем поблизости от заправляемых машин;

-оставлять бутылки, стекла и прочий мусор, особенно на солнечных полянах;

-выжигать траву и стерню на полях.

Нередко виновниками пожаров в этот период являются дети. Проводите с ними разъяснительные беседы, объясните им, что от их поведения порой зависит их собственная жизнь.

В случае повышения пожарной опасности на территории всей Республики Дагестан или в отдельно взятых муниципальных образованиях вводится особый противопожарный режим. На период действия особого противопожарного режима реализуется комплекс дополнительных противопожарных мероприятий. При обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышение температуры) немедленно сообщите в пожарную охрану по телефонам: «112» - Единая служба спасения,«01» (с мобильного 101)

**Б.Валиев,** старший инспектор ОНД и ПР № 15 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД

# Решение №5

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район»**
**от 22 февраля 2024 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 22 февраля 2024 г.

**Об утверждении районной целевой программы «Развитие автодорожного хозяйства муниципального района «Цумадинский район» в 2024 году»**

Заслушав и обсудив информацию начальника МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» администрации МР «Цумадинский район» Муртазалиева Г.З., в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003г. «131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в целях выполнения требований пункта 5 статьи 14 и пункта 5 статьи 15 федерального закона от 6 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», положения «О дорожном фонде муниципального района «Цумадинский район», Собрание депутатов МР «Цумадинский район» **решает:**

1.Утвердить районную целевую программу «Развитие автодорожного хозяйства муниципального района «Цумадинский район» в 2024 году».

2.Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

3.Решение вступает в силу с момента его опубликования.

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш. Омаров**

Динияб бокӀон

# Лъималазе тарбия

**Нилъеда лъала исламалда бищун кӀвар бугеб жо ккола лъималазде гьабулеб бербалагьи. Лъимер ккола Аллагьас нилъее кьураб нигӀмат ва аманат, нилъеца гьеб цӀунизеги ккола.**

Лъималазул тӀалаб гьаби, гьезие тарбия кьей буго бищун цебесеб суал эбел-инсуе. Гьелъул пикру гьабизе ккола. Амма эбел-эмен хӀалтӀудаса къаси рокъоре свакан рачӀуна ва лъималазул тарбиялъул хал-шал гьабизе заман гӀоларо. Гьелъ гьелги куцалел руго интернеталъ. Эбел- инсудайин абуни тӀадаб буго гьезие берцинаб тарбия кьезе.

Къуръан-хӀадисалъ эбел-инсудаса тӀалаб гьабула лъимал кӀодо гьари, гьел цӀуни. Эбел-инсуда лъазе ккола лъимер нилъехъе Аллагьас кьураб тӀадегӀанаб аманат букӀин, Къиямасеб къоялъ жавабчилъиги тӀалаб гьабизе букӀин. Гьелъин нилъеца лъимада малъизе кколеб квешаб тун лъикӀаб босизе кколеблъи.

Хирияв аварагасе цӀакъ рокьулаан лъимал, гьединлъидал, гьес кутакалда кӀварги кьолаан лъималазде ва гьезие кьолеб тарбиялде. Нухда унаго дандчӀварал лъималазе кьолаан салам ва гьабулаан дугӀа. Цо къоялъ хутӀба гьабулев вукӀарав аварагасда рихьун руго ХӀасан ва ХӀусен. Гьеб мехалда авараг минбаралдаса гъоркьеги рещтӀун, гьелги кодоре рачун жиндирго калам тӀубазабизе минбаралде тӀаде вахун вуго.

Жакъа нилъер лъимал как балаго тӀаде рахун расандани ва релъанхъани, нилъ гьезде рагъула. Амма аварагас гьедин гьабичӀо, ай дол расандизе рукӀине сужда халат гьабуна.

ХӀасил, лъимер балугълъизегӀан эбел-инсуца лъималазе гьоркьоса къотӀичӀого лъикӀаб тарбия кьела. Балугълъун хадубги гьел рехун теларо. Къиямасеб къоялъ жиндирго агьлуялда ислам малъичӀого батиялдаса кӀудияб мунагь букӀинариланги буго. Къиямасеб къоялъ тӀоцебе данде дагӀбадизе рахъунел гӀадамалги, жинца тарбия кьечӀев чиясул, жиндирго агьлу-хъизан букӀинилан буго.

Тарбия кьей - эбел-инсуда тӀадаб налъи буго. Тарбия кьун хадубги лъимер квешаб лъугьани, гьелъул жаваб эбел-инсудаса тӀалаб гьабуларо.

Лъимал лъикӀал лъугьин-эбел-инсул бищун кӀудияб талихӀаздасан цояб ккола. Хун хадуб лъикӀаб дугӀа гьабулел лъимал нахъе тани, гьебги ахираталъул рокъоб абадияб талихӀ ккола. ЛъикӀал лъималаз эбел-инсуе лъикӀаб дугӀа гьабичӀонигицин, гьез гьабураб лъикӀаб гӀамалалъул кири эбел-инсуеги хъвала, гьезиеги камизабичӀого. Лъимал лъикӀал лъугьани, дунялалда эбел-инсуе букӀунеб рахӀатги, гьел квешал лъугьани, эбел - инсуе букӀунеб рахӀатхвейги - гьебги киназдаго бихьун лъалеб жо буго.

# ЗухӀаялъул как

**Аварагас тӀадчӀей гьабулеб букӀараб суннатал каказдасан ккола зухӀаялъул какги. Гьелъул гӀуж байбихьула бакӀ хочол къадаралъ тӀаде баккаралдаса, ай къалъул гӀуж щвезегӀан. Бищун гьеб базе беццараб заман ккола къоялъул ункъил бутӀагӀанасеб мех индал.**

Гьелъул бищун дагьаб къадарги кӀиго ракагӀат буго. Камилазул бищун дагьаб ункъо ракагӀат, цинги анлъго, цинги микьго. Бищун гӀемераб ва камилаб къадаралъул рахъалъ гӀалимзабазул хилаф ккана. Гьелъул бергьараб микьго ракагӀат бугин абураб рагӀи буго. АнцӀила кӀиго ракагӀат бугин абулел гӀалимзабиги руго.

Ибну ХӀажарица хъван буго: «Аварагасда нахъвилълъун гьабулеб дагьаб къадаралъухъ кири цӀикӀкӀун щола гӀемераб къадаралдасаги», - ян. **(«Ашрафул Васаил»).**

Гьелъул магӀна ккола, масала, Аварагасги микьго ракагӀат балааниланги абун, дицаги микьго ракагӀат базе бугин бараб зухӀаялъул какихъ кири цӀикӀкӀун щолин анцӀила кӀиго ракагӀат баялдасаги абураб. Нилъер умумузги цӀакъ тӀадчӀей гьабулеб букӀун буго зухӀаялъул какда. Анасидасан бицараб хӀадисалда буго: «Дир гьудулас (хирияв Бичасул Расулас) лъабго жо васият гьабуна дие: **«Щибаб моцӀалъ лъабго къоялъ как бай, зухӀаялъул как бай ва витру бан хадуб кьижизе вахин»,**-ян.

**ГӀабдуллагьил яс МугӀазатица бицана:** «Жинца ГӀаишатида цӀехана: «Аварагас зухӀаялъул как балаанищ?» - илан. Гьелъ абуна: «Балаан ункъо ракагӀат, мех-мехалъ Аллагьасе бокьухъе цӀикӀкӀун ракагӀаталги ралаан», -илан. Гьаб хӀадисалдасан бичӀчӀула гӀемерисеб мехалда Аварагас зухӀаялъул ункъо ракагӀат балеб букӀараблъи.

ЗухӀаялъул как балелъуб кӀи-кӀи ракагӀаталдаса салам кьун бараб лъикӀаб буго. Какие ниятги гьадин гьабила: «Дица ният гьабуна зухӀаялъул кӀиго ракагӀаталъул суннатаб как базе, ТӀадегӀанав Аллагьасе,-абун.

ЗухӀаялъул какил хиралъиялъул бицун Аварагасул гӀемерал хӀадисал рачӀана. Аварагас абуна: **«ЗухӀаян цӀар бугел каваби руго Алжаналъур. Къиямасеб къоялъ Аллагьасул цӀаралдалъун малаикас ахӀула: «Кир ругел нуж, зухӀаялъул как балел рукӀарал, Аллагьасул лагъзал!? Гьаб буго нужер каву. Аллагьасул рахӀматалдалъун лъугьа гьенисан,**-илан.

Инсанасулъ 360 лага буго ва щибалдасан къойил кьезе кколеб садакъаги буго. ЗухӀаялъул какил кӀиго ракагӀаталъ гьеб садакъаги жанибе бачуна.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Эркенаб гугари

# Олимпиялъулаб лицензия щвана



Гьал къояз Стамбулалда эркенаб гугариялъул рахъалъ квалификациялъулаб турниралда Парижалда тIоритIизесел олимпиялъул хIаязда 86 кг. цIайиялда гугаризе лицензия щвана Болгариялъул командаялда гъорлъ цеве вахъунев нилъер ракьцояв Инхокъвариса МухIамад Рамазановасе. Цебеккун Бакуялда гьединабго турниралда 74 кг. цIайиялда олимпиялъулаб лицензия щвана МухIамадхIабиб КъадимухIамадовасеги.

* * *

## Рачлида гугари

# Россиялъул первенствоялда бергьарав



Дагьаб цебе Астраханалда тIобитIана гIисинал гIолилазда гьоркьоб (U15-17) рачлида гугариялъул Россиялъул первенство.

Гьениб 77 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна нилъер районалъул ДСЮШялъ куцарав, гьанже МахIачхъалаялда ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб спортивияб школалда ругьунлъулев Гьигьалъа МухIамад ХIабибовас.

**Шамил Бадрудинов**

## Разъяснение прокурора

Наиболее распространенным видом мошенничества стало мошенничество в сфере информационно-телекоммуникационных технологий или компьютерной информации. Преступления в сфере информационных технологий включают как распространение вредоносных программ, взлом паролей, кражу номеров банковских карт и других банковских реквизитов, так и распространение противоправной информации через Интернет, а также вредоносное вмешательство через компьютерные сети в работу различных систем.

Телефонные мошенники - самая распространенная категория преступников. Иногда мошенничество выполняется старыми методами. Но нередко придумывают совершенно новые способы.

Схемы телефонного мошенничества:

- мошенничество с банковскими картами и счетами;
- звонки от «служб безопасности» банков;
- звонки от «сотрудников» правоохранительных органов и государственных служб;
- звонки с подмененных номеров;
- махинации со счетами мобильных телефонов;
- сообщения о попавшем в беду родственнике и просьбы о помощи;
- сообщения о выигрыше в лотерею.

ПОМНИТЕ, что есть данные, которые нельзя сообщать, не важно, кто звонит - телефонный мошенник или нет. Например, никогда не говорите по телефону свой CVC/CVV код, что указан на обратной стороне карты, не передавайте коды подтверждения, что отправляет банк через SMS.

**Д. Джабраилов,** прокурор района

## Волейбол

# Кубок тIиндадерица босана

***Араб шамат къоялъ Агъвали тIобитIана «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе волейболалъул турнир***

Ахираб заманалда гIемер бицунеб буго районалда волейбол гIодобе ккун бугилан. ХIакъикъаталдаги гьеб гьедин буго. КъанагIат тIоритIулел руго волейболалъул къецал. Районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб



школалъ лъималазда гьоркьор тIоритIулел къецаздалъун тIубалеб буго гьелде кьолеб кIвар. Цере тIоритIулел рукIарал нилъер машгьурал волейболистал ракIалде щвеялъе турниралги гьоркьоса къотIизе тана, байрамазул къоязги гьечIо росабалъ къецал тIоритIулел. ЦохIо эркенаб гугариялдеги руссун нилъ тIуразе ругодай. Буго ахираб заманалъ футболалдеги, столалда хIалеб теннисалдеги кIвар кьолеб. Щай хIал бихьизе бегьулареб цогидалги спортивиял тайпабазде. Цебе гIурал шартIал гьечIониги районалда гIезегIан машгьураб букIана волейбол. Гьанже щиб камураб, гIемерисел росабалъ спортивиял залалги ругин хIалтIулел?!. Жакъа Агъвали, Гьимерсо, КIванада, Хуштада, ТIинди, Гъоркьгьаквари, ТIадгьаквари, Гьадири росабалъ руго спортивиял залал, ТIисси-Ахикьги бана гIемеррахъалъулаб рагьараб спортивияб площадка. Гьигьалъ, КIванада ва ТIисси росабалъ цIирарал школазда руго спортивиял залал. Газеталъул призалъе тIобитIулеб цо хутIараб турниралдаги кидаго гIадин цого командаби гIахьаллъула. ТоргIо хIазе зални киса, гьелъие санагIалъи бугеб байданцин гьечIеб Гъоркьхъварщини росдал команда гIахьаллъула гьениб санайил. Цо нухалъ турнида, Гъоркьгьаквари, ТIисси-Ахикь, Къеди ва Гъоркьхъварщини росабалъа командаби.

Кин бугониги, къваригIараб буго районалда волейбол машгьур гьабизе, районазда гьоркьосел ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел турниразда районалъул команда гIахьаллъизе.

Эркенаб гугаригун цадахъ районалда машгьур гьаризе ккола футболги, волейболги, тIадагьаб атлетикаги, спорталъул цогидалги тайпаби.

Турниралда балагьизе рачIаразе лъикIаб асар гьабуна киналго командабаз, гьез бихьизабуна лъикIаб хIай. ХIалуцараб къеркьей букIана финалияб дандчIваялда турниралъул кубок кодосел тIадгьакварисезулгун тIиндадерил. Бихьулеб букIана, тIиндадерил командаялъул къеркьей кутаклъидал, тIадгьакварисезул дагьаб рахIат холеб букIин. Гьелъул хIасилалда 2:0 хIисабгун ТIинди росдал командаялъ босана кубок ва бахъана турниралъул чемпионлъун. Турниралъул призерлъун бахъана Гъоркьгьакварисезул команда.

Чемпион ва призерал кIодо гьаруна дипломаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун:

1 бакI- 30 000 гъурущ.

2 бакI- 20 000 гъурущ.

3 бакI -10 000 гъурущ.

Гьединго грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна бищун лъикIав гъужумалъулав ХIусен МухIамадов (ТIинди), бищун лъикIав пас кьолев МухIамад Зиявдинов (ТIадгьаквари), бищун лъикIаб защита бугев



ралъул призерлъунги бахъана гьезул команда.

Гьелъие нугIлъи гьабула районалъул газеталъул призалъе гIоло санайил тIобитIулеб турниралъ. Исанаги гьелго командаби гIахьаллъана араб шамат къоялъ Агъвали гимназиялъул залалда тIобитIараб турниралда.

Кидаго гIадин, гьенир гIахьаллъана тIадгьакварисезул ва тIиндадерил кIи-кIи командаби... (МухIамад ГIабдусаламов (Гъоркьгьаквари), добе-гьанибе цIай гьечIев судья ГIалиасхIаб Баталиев (Къеди).

Божи буго иргадулаб турнир гIахьаллъулезул цIикIкIараб къадаргун, балагьизе рачIаразе рахIатаблъун букIинин.

**ГIубайдула Малачдибиров**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1480
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru